

**Pa pèdi tan! Jwenn yon ID REAL oswa dokiman Amelyore jodia.**

**REAL ID**

- Aksepte pou anbakman nan yon vòl lokal oswa si wap antre nan yon bilding federal
- Ou pap gen pou peye anyen



**AMELYORE**

- Disponib pou Sitwayen Ameriken sèlman
- Aksepte pou anbakman nan yon vòl lokal oswa si wap antre nan yon bilding federal
- Aksepte nan travèsè fwontyè pa tè/Lanmè Etazini
- Gen yon frè \$30 anplis



Pou w jwenn plis enfòmasyon sou REAL ID oswa Amelyore, ou ka vizite <https://process.dmv.ny.gov/DocumentGuide>.

**REMAKE:**

- Ou dwe bay dokiman **orijinal** oswa dokiman yo ki sètifye pa ajans ki bay dokiman yo.
- DMV pa aksepte dokiman ekspire.

**A) Ou dwe bay yon (1) prèv Sekirite Sosyal ki anba la a. Make pwen non Prèv la pou prèv ou chwazi a.**

↓ Make bwat la pou swiv dokiman ou prevwa pote nan biwo DMV a.		Valè Pwen non Prèv la
	Kat Sekirite Sosyal ameriken.	2
	Lèt inelijib sou kat Sekirite Sosyal (al gade egzijans yo ki nan paj 3 pou w ka jwenn plis enfòmasyon)	0

**B) Ou dwe bay yon (1) prèv Sitwayen Ameriken oswa estati legal anba la a. Make pwen non Prèv la pou prèv ou chwazi a.**

↓ Make bwat la pou swiv dokiman ou prevwa pote nan biwo DMV a.		Valè Pwen non Prèv la
<b>Elijib pou Amelyore oswa REAL ID</b>	Paspò Ameriken oswa kat paspò	4
	Sètifika Natiralizasyon oswa Sitwayènnte (N-550, N-560, N-561, ak N-570)	3
	Sètifika nesans ameriken (orijinal oswa sètifye)	0
	Orijinal oswa kopi sètifye rapò konsilè Ameriken nesans ki fèt aletranje (FS-240, DS-1350, F-545)	0
<b>Elijib pou REAL ID</b>	Paspò etranje (al gade kondisyon paspò etranje yo sou paj 3 a pou plis enfòmasyon)	3
	Kat Rezidans Pèmanan I-551	3
	Dokiman Otorizasyon Travay akonpaye pa dokiman Depatman Sekirite Enteryè Apwouve (egzanp., I-797) ki deklare spesifikman yon estati valab nan Etazini jan li defini pa 6 C.F.R. 37.3	0

**Ajoute pwen prèv non ou make nan Seksyon A & B ansanm** →



- Si ou gen omwen sis (6) pwen, ou dwe chwazi de (2) prèv rezidans nan Eta New York nan Seksyon C.
- Si total ou mwens pase sis (6) pwen, ou dwe bay lòt prèv nan Seksyon C pou pote total ou a sis (6) pwen, sa ki dwe gen ladan de (2) prèv Rezidans nan Eta New York.

### C) Prèv Rezidans Eta New York ak lòt Prèv Non

<p>Adrès aktyèl la dwe parèt pre-enprime sou dokiman yo pral itilize kòm yon prèv rezidans (P.O. Box pa akseptab).                      Deklarasyon elektwonik ak bòdwo elektwonik yo dwe enprime. Yap aksepte sèlman youn nan chak prèv.                      ↓ Make bwat la pou swiv dokiman ou prevwa pote nan biwo DMV a.</p>	Prèv Rezidans Eta New York	Valè Pwen non Prèv la
Pèmi/Lisans Chofè Eta New York/ Kat Idantite ki pa lisans. Li dwe valab oswa ki pa gen 2 zan depi li ekspire.	WI	6
Fòmilè Deklarasyon Idantite DMV ak/oswa Rezidans Paran/Gadyen (MV-45) SI OU GEN MWENS KE 21 LANE	WI	4
Deklarasyon Idantite DMV ak/oswa Rezidans (MV-45A) - Pou Aplikan yo ki reprezante pa Gouvènman oswa Etablisman yo gouvènman Apwouve	WI	4
Deklarasyon Idantite DMV ak/oswa Rezidans (MV-45B) - Pou Aplikan yo ki ka konsidere kòm jèn sanzabri yo	NON	4
Sètifika Tit Eta New York	WI	2
Lisans pwofesyonèl Eta New York	WI	2
Pèmi Pistolè Eta New York/Vil New York	WI	2
Kat Kanè avèk Kat ID Lekòl Segondè Etazini	WI (si yo bay li nan yon delè yon (1) lane)	2
Relve nòt ofisyèl ak Kat ID Kolèj ki gen foto Etazini	WI (si yo bay li nan yon delè yon (1) lane)	2
Releve Bankè Etazini	WI (Si yo delivre l nan lespas 120 jou)	1
Chèk anile Etazini	WI (Si yo delivre l nan lespas 120 jou)	1
Souch Chèk Pèman Enprime Sou òdinatè Ozetazini	WI (si yo delivre l nan lespas 120 jou)	1
Kat Asirans Sante/Preskripsyon Ameriken ki montre prèv aktyèl kouvèti asirans sante	WI	1
Règleman Asirans Lavi Ozetazini oswa Deklarasyon Aktyèl (ki fèt depi omwen 2 lane)	WI (si yo delivre l nan lespas 120 jou)	1
Fakti Sèvis Piblik Etazini	WI (si yo delivre l nan lespas 120 jou)	1
Taks sou Revni Federal oswa Eta New York W-2	WI (si yo bay li nan yon delè yon (1) lane)	1
Deklarasyon Sekirite Sosyal Anyèl (SSA-1099)	WI (Ane aktyèl la)	0
Taks sou Revni oswa Deklarasyon Salè (SSA-1099, SSA-1098) Eta New York oswa Federal	WI (Ane aktyèl la)	0
Sètifika rezidans DMV (MV-44NYR)	WI	0
Deklarasyon Mezon Retrèt oswa Etablisman lavi asiste	WI	0
Relve Kat Kredi delivre nan lespas 120 jou	WI	0
Prèv aktyèl asirans pwopriyete / Asirans Lokatè (Règleman, Prèv reklamasyon)	WI	0
Avi Devwa Jiri si yo delivre l nan lespas yon lane	WI	0
Sètifika Egzaminatè Medikal avèk adrès ak siyati Eta New York ki delivre nan lespas yon lane (pou egzajans egzamen medikal CDL)	WI	0
Ódonans militè toujou anvigè	WI	0
Avèk so lapòs ki date 90 jou aprè vizit ou nan biwo	WI	0
Prèv Ipotèk aktyèl	WI	0
Tit Pwopriyete	WI	0
Bòdwo Taks Lekòl oswa Pwopriyete oswa Resi pou ane aktyèl la (dwe montre adrès aktyèl sou pati postal la ki deklare ki byen yo takse)	WI	0
Kontra Lwaye rezidansyèl nan lespas yon lane	WI	0
Deklarasyon Retrèt	WI	0
Kat Sèvis Selektif	WI	0
Deklarasyon Atribisyon Revni Sekirite Sipleman	WI	0
Deklarasyon Benefis Chomaj delivre nan lespas yon lane	WI	0
Kat notifikasyon Enskripsyon Elektè ki delivre nan lespas yon lane	WI	0
Deklarasyon Benefis Sosyal	WI	0
ID Konjwen/Paran (ou gen menm siyati oswa avèk prèv parante)	WI	0
Kat Idantite Militè Ameriken ki gen Foto sou li (ke yo bay anplwaye aktif, rezèv, ak sa ki retirete sèlman)	NON	3
Kat Otorizasyon Travay (I-688B oswa I-766) avèk foto, ke Sèvis Natiralizasyon ak Imigrasyon bay/Depatman Sekirite Enteryè (dwe valab)	NON	3
Pèmi pou Re-antre (I-327)	NON	3
Dokiman Vwayaj Refijye (I-571)	NON	3
Kat Benefis/Medicaid Eta New York ki gen Foto	NON	3
Pèmi Entèrimè Eta New York/Lisans Chofè/ Kat Idantite ki pa lisans, san foto	NON	2
Dokiman Anrejistremant Eta New York (Veyikil oswa bato sèlman)	NON	2
Lisans ki gen foto/Pèmi pou moun kap aprann kondwi/Kat idantite ki pa lisans ki soti nan yon lòt Eta, jiridiksyon oswa posesyon Etazini, oswa Provens oswa Teritwa Kanadyen (li dwe valab oswa ekspire pa pi lontan pase dezan)	NON	2

### C) Prèw Rezidans Eta New York ak lòt Prèw Non (kontingè)

Adrès aktyèl la dwe parèt pre-enprime sou dokiman yo pral itilize kòm yon prèw rezidans (P.O. Box pa akseptab). Deklarasyon elektwonik ak bòdwo elektwonik yo dwe enprime. Yap aksepte sèlman youn nan chak prèw. ↓ Make bwat la pou swiv dokiman ou prevwa pote nan biwo DMV a.	Prèw Rezidans Eta Nouyòk	Valè Pwen non Prèw la
Ak Maryaj oswa Papyè Divòs Ozetazini Oswa Dekrè Chanjman Non ke Tribinal la bay	NON	2
ID Depandan Militè Etazini	NON	2
Kat Benefis/Medicaid Eta New York KI PA GEN foto	NON	2
Kat Lajan Kach Etazini (ATM) (dwe gen siyati ak non ki pre-enprime)	NON	1
Gwo Kat Kredi Ameriken Valab	NON	1
Kat ID Anplwaye Ozetazini	NON	1
Diplòm Lekòl Segondè Ameriken oswa GED	NON	1
Kat Ankesman chèk sipè-mache Ameriken (dwe gen siyati ak non ki pre-enprime)	NON	1
Kat Inyon Ameriken	NON	1
Kat ID foto Veterans Universal Access	NON	1
Kat ID foto Tribi St. Regis Mohawk*	NON	2
Batistè Tribi ki soti nan yon branch federal rekonèt, prouve nesans nan Etazini. *	NON	0
Kat ID ki gen foto Tribi St. Regis Mohawk avèk batistè Kanadyen*	NON	0

### Ajoute pwen prèw non ou make nan Seksyon A, B & C ansanm (total la dwe 6 pwen)



Si ou pa ka satisfè egzijans rezidans Eta New York, ou ka kalifye pou yon dokiman estanda. Yo pap aksepte dokiman estanda pou anbakman nan yon vòl lokal oswa si wap antre nan yon bilding federal san yon ID segondè.

\*Sèlman si wap aplike pou yon dokiman estanda.

#### TOUT APLIKAN YO DWE:

1. Aplikasyon Konplè pou Pèmi, Pèmi Kondwi oswa KAT Idantite ki pa Lisans (fòm MV-44).
2. Prezante prèw idantifikasyon ki obligatwa. Ou ka vizite gid dokiman anliy DMV Eta New York nan <https://process.dmv.ny.gov/DocumentGuide> OSWA refere a tablo yo ki nan paj 2 & 3 pou prèw akseptab.
3. Aplikasyon pou pèmi kondwi ak Pèmi moun kap aprann kondwi dwe pase yon tès vizyon.
4. Peye frè. Ou ka peye ak kat kredi, lajan kach, oswa chèk oswa chèk postal nan: "Commissioner of Motor Vehicles".

#### KONDISYON:

- Non konplè Legal:
  - ♦ konbinezon non konplè legal ou - premye non, dezyèm non (si sa aplikab), dènye ak sifiks (si sa aplikab). Non konplè sa a ap parèt sou kat ou an.
  - ♦ Si non ou te chanje akòz maryaj, divòs oswa chanjman non legal ou, ou dwe pote kopi orijinal oswa sètifye dokimante ki chanje a (sètifika maryaj, dekrè divòs, dokiman tribinal la bay). Si non ou te chanje plizyè fwa, ou dwe pote plizyè dokiman ki konekte tout non yo.
- Dokimantè mitile:
  - ♦ DMV pap aksepte nenpòt dokiman ki domaje oswa anile, oswa dokiman ki gen nenpòt chanjman oswa bagay ki efase. DMV ap konfiske tout dokiman ki sanble fo. Si ou soumèt yon dokiman fo, ou ka sijè a pwochè pouwit kriminel.
- Yon Prèw pou chak Sous oswa Kalite:
  - ♦ DMV pap aksepte plis pase yon dokiman menm kalite prèw la oswa ki soti nan menm sous la. Pa egzansp, DMV ap aksepte deklarasyon de yon gwo kat kredi oswa yon sèl bòdwo kouran, oswa DMV pap aksepte yon deklarasyon labank ak yon deklarasyon kat kredi ki soti nan menm enstitisyon finansye a.
- Adrès ou gen kounye a nan Eta New York:
  - ♦ Chak dokiman dwe genyen adrès ou gen kounye a nan Eta New York.
  - ♦ Yon adrès ki gen yon P.O. box pa akseptab.
  - ♦ Adrès aktyèl ou ap parèt sou REAL ID ou oswa dokiman Amelyore a.
- Paspò Etranje:
  - ♦ Si wap soumèt yon paspò etranje kòm prèw estati legal, ou dwe gen swa:
    - yon viza valab ak yon I-94 ki soti nan Sèvis imigrasyon ak natiralizasyon / Depatman Sekirite Nasyonal oswa Tenb Ladwàn & Patwouy fwontalyè
    - yon tenb I-551 ki valab - Kalite Estati Legal ki detèmine pa verifikasyon Depatman Sekirite Nasyonal
    - yon deklarasyon I-551 ki valab - Kalite Estati Legal ki detèmine pa verifikasyon Depatman Sekirite Nasyonal
- Estati Legal Tanporè:
  - ♦ si ou gen estati legal tanporè, pare ou pou montre dokiman aktyèl la.
- Opsyon lòt Kat Sekirite Sosyal ameriken:
  - ♦ Si ou gen yon dokiman foto valab Eta New York, ou ka soumèt youn nan dokiman ki annaprè yo olye de kat Sekirite sosyal ou. Dokiman an dwe montre Nimewo konplè Sekirite Sosyal ou.
    - Taks sou Revni W-2 New York oswa Federal
    - Deklarasyon Sekirite Sosyal Anyèl (SSA-1099)
    - Revni Taks Federal oswa Eta New York oswa Deklarasyon salè (SSA-1099)
- Inelijiblite Sekirite Sosyal:
  - ♦ Si ou pa kalifye pou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou dwe bay yon lèt ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ki date nan lespas 30 jou apati dat vizit nan klinik lan deklare ke ou pa kalifye pou yon Nimewo Sekirite Sosyal. Ou dwe montre Depatman Sekirite Enteryè egalman dokiman SSA te bay la pou detèmine ou pa kalifye.
  - ♦ Pou w jwenn enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon kat doub oswa pou adrès biwo SSA lokal ou an, ale nan [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov)

## POU APLIKE POU YON:

### Pèmi pou moun kap aprann kondwi - Klas D (Operatè) oswa M (Motosiklèt):

- Ou dwe pase yon tès alekri ak yon tès vizyon. Manyèl chofè ak egzamen pratik yo disponib sou sitwèb nou an nan [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov)
- Ou dwe gen omwen laj 16 ane pou aplike pou yon pèmi pou moun kap aprann kondwi oswa lisans chofè. Konsantman paran obligatwa si ou gen laj 16 ane, sof si ou gen laj 17 epi gen yon Sètifika Achèyman Edikasyon Chofè [Driver Education Certificate of Completion (fòm MV-285)].
- Nouvo chofè yo resevwa yon pèmi ki kapab valab pou plis pase yon lane. Si ou gen yon estati legal tanporè e wap aplike pou yon REAL ID, ou pral resevwa yon dokiman ki ekspire pa pita pase dat ekspirasyon ki sou dokiman estati tanporè a.

### Kat ID ki pa lisans:

- Pa gen restriksyon laj pou jwenn yon Kat idantite Moun ki pa chofè, men si ou gen mwens pase laj 16 ane, konsantman paran obligatwa.
- Si ou se yon Benefisyè Sipleman Sekirite Revni (SSI), tanpri pote dokiman avèk ou nan biwo a.

### Lisans Eta New York lè ou transfere yon lisans ki nan pou lòt eta:

- Yo ka anile tès alekri ak tès wout la si ou gen yon Lisans Chofè ki soti nan yon lòt Eta, jiridiksyon Etazini, Provans Kanadyen ki te anvigè pou 6 mwa e li pa ekspire pou plis pase (2) dezan.
- Si dat emisyon ki sou lisans ou an nan delè 6 nwa ki sot pase yo, ou dwe jwenn yon kopi sètifye nan dosye kondwi w ki montre ou te gen yon lisans pou plis pase 6 mwa.
- Eta New York pral kenbe lisans ou an ki soti nan lòt eta.
- Konsantman paran obligatwa si ou poko gen laj 18 ane.

## POU RENOUVLE YON:

### Pèmi pou moun kap aprann kondwi - Klas D (Operatè) oswa M (Motosiklèt):

- Ou dwe pase yon tès alekri nan dènye 2 dezan ki sot pase yo.

### Lisans Chofè

- Ou dwe pase yon tès vizyon. Si ou te pase yon tès vizyon lakay yon founisè otorize Vision Registry, ou ka anmezi pou renouvle lisans ou anliy nan [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov).

### Kat ID ki pa lisans:

- Ou ka anmezi pou renouvle ID w ki pa lisans chofè anliy nan [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov).

## POU METE A NIVO YON:

### Lisans DJ oswa MJ pou yon lisans D oswa M:

- Si ou gen laj 17 ane, pote Sètifika Achèyman Edikasyon Chofè [Driver Education Certificate of Completion (fòm MV-285)]. Si ou gen laj 18 ane, ou pa bezwen vini nan yon biwo, yap voye otomatikman ba ou yon dokiman pa lapos.

### Lisans klas siperyè oswa ajoute yon klas lisans:

- Pou mete ajou yon lisans Klas E ou dwe peye yon frè lisans anplis.
- Pou jwenn yon lisans Klas A, B, oswa C ou dwe pase tès alekri CDL Konesans Jeneral e ou dwe pase yon tès Andòsman CDL alekri. Lisans Klas A ak B egzije tou yon pèmi aprann ak yon tès konpetans. Ou pral gen pou pwouve estati legal ak prèv rezidans Eta New York.
- Si wap aplike pou yon Andòsman Fèm (F oswa G) oswa yon Andòsman remòkaj kamyon (W) yo pral ba ou yon lisans Klas C.
- Ou ka soumèt yon envitasyon renouvèlman dokiman foto Eta New York (MV-2) kòm prèv rezidans lè wap aplike pou yon Lisans Chofè Komèsyal Estanda.
- Ou ka soumèt yon Kat Otorizasyon Travay (I-688B oswa I-766) kòm prèv estati legal lè wap aplike pou yon Lisans Chofè Komèsyal Estanda.

## POU MODIFYE YON:

### Non ki sou dokiman aktyèl Eta New York la:

- Ou dwe prezante yon dosye orijinal divòs oswa maryaj nan Etazini oswa yon kopi sètifye de yon dekrè chanjman non ki delivre pa yon tribinal sou nouvo non w.

### Lòt bagay ki sou dokiman foto aktyèl Eta New York ou an:

- Pou lòt opsyon modifikasyon ou ka vizite <https://dmv.ny.gov/amend>

## POU RANPLASE YON:

### Dokiman foto Eta New York ki te pèdi, mitile, oswa vòlè:

- DMV rekòmande ke ou rapòte dokiman yo vòlè nan biwo lapolis lokal anvan ou aplike pou yon dokiman ranplasman. Si ou rapòte dokiman yo vòlè nan lapolis anvan ou vizite biwo a, asire ke ou pote yon kopi rapò polis la.

KALITE TRANZAKSYON		Total la pa plis pase
Tout frè yo apwoksimatif. Yon frè egzat pa ka detèmine avan ke yo jwenn dokiman ou a.		
Pèmi pou moun kap aprann kondwi (Klas DJ / D oswa MJ / M)		\$136.00
Lisans (Klas D oswa M)		\$98.50
Lisans (CDL oswa Klas E).		\$180.50
Kat idantite Moun ki pa chofè		\$13.00
Kat idantite Moun ki pa chofè [Benefisyè Revni Sekirite Sipleman (SSI)]		\$6.50
Pase a yon tip lisans ki pi wo (CDL oswa Klas E)		\$153.00*
Lisans/Pèmi Ranplasman		\$17.50
Ranplasman Kat idantite Moun ki pa chofè		\$8.00
Ranplasman Kat idantite Moun ki pa chofè [Benefisyè Revni Sekirite Sipleman (SSI)]		\$6.50
Modifye Lisans/Pèmi		\$12.50
Modifye Kat idantite Moun ki pa chofè		\$5.00
<b>REMAKE:</b> Ajoute \$30 pou tranzaksyon dokiman Amelyore, eksepte dokiman Ranplasman.		
		*Lòt frè adisyonèl pou ekzamen ekri ak ekzamen wout ka aplike.